

<b>machine</b>	<b>machin</b>	Yon zouti ki fè travay pi fasil (men li pa chanje kantite travay la) lè li chanje mayitid oswa direksyon fòs ki egzèse pou fè travay la.
<b>macrophages</b>	<b>makwofaj</b>	kalite fagosit ki vlope selil domaje yo oswa mikwòb patojèn ki antre nan tisi kò a.
<b>magma</b>	<b>magma</b>	Sibstans fonn anba ki kwout tè a; li fòme mineral ki gen gwo kristal lè li refwadi lantman, epi li fòme mineral ki gen ti kristal lè li refwadi vit.
<b>magnetic field</b>	<b>chan mayetik</b>	Zòn ki ozalantou yon leman, oswa ozalantou nenpòt fil oswa bobin fil ki gen kouran, lè yon fòs mayetik egziste.
<b>magnification</b>	<b>rapò optik</b>	Kantite ki reprezante agrandisman oswa rediksyon yon imaj nan gwosè, parapò ak objè a.
<b>magnitude</b>	<b>mayitid</b>	Mezi enèji ki degaje pandan yon tranblemanntè; mezi sa a ka dekri avèk echèl Ritchtè a.
<b>mammary glands</b>	<b>glann mamè</b>	glann sidoripa modifiye nan mamifè femèl yo; li ka pwodui epi sekrete lèt pou nourri jenn mamifè li yo.
<b>map legend</b>	<b>lejann kat jeyografik</b>	Se lejann ki esplike sa senbòl ki sou yon kat jeyografik reprezante.
<b>map scale</b>	<b>echèl kat jeyografik</b>	Rapò ant distans ki prezante sou yon kat ak distans reyèl ki sou tè a.
<b>marsupial</b>	<b>masipyal</b>	souklas mamifè yo kote jenn mamifè yo devlope pandan yon peryòd kout nan matris la epi yo fin devlope deyò kò manman an andedan yon pòch vantral ki fèt ak po ak pwal.
<b>mass extinction</b>	<b>disparisyon an mas</b>	Fèt anjeneral lè yon gwo kantite òganis vin disparèt sou yon peryòd tan jeyolojik ki kout.
<b>mass number</b>	<b>nonm mas</b>	Kantite pwoton plis kantite netwon ki nan nwayo yon atòm.
<b>mass spectrometer</b>	<b>espektwomèt mas</b>	Aparèy ki itilize chan elektrik ak chan mayetik pou mezire mas atòm ak molekil iyonize epi ki ka detèmine rapò yon iyon ant chaj ak mas la.
<b>measurement</b>	<b>mezi</b>	Yon konparezon ant yon kantite enkonni ak yon kantite estanda.
<b>mechanical advantage</b>	<b>avantaj mekanik</b>	Rapò ant fòs rezistans lan ak fòs efò a.
<b>mechanical energy</b>	<b>enèji mekanik</b>	Sòm enèji potansyèl sinetik ak gravitasyonèl yon sistèm.

<b>mechanical weathering</b>	<b>degradasyon mekanik</b>	Pwosis ki dekonpoze wòch ak mineral yo an pi piti mòso, men ki pa lakòz okenn chanjman nan konpozisyon yo.
<b>meiosis</b>	<b>meyoz</b>	kalite divizyon selilè kote yon selil kò pwodui kat (4) gamèt; chak gamèt gen ladan mwatye kantite kwomozòm menm jan ak selil kò yon paran.
<b>melanin</b>	<b>melanin</b>	pigman ki nan selil kouch enteryè epidèm nan; li pwoteje selil yo kont domaj radyasyon solèy la.
<b>menstrual cycle</b>	<b>sik menstriyèl</b>	nan femèl imen, se sik mansyèl ki gen ladan pwodiksyon yon ovil, preparasyon matris la pou resevwa ze a epi eliminasyon ovil la si li pa fekonde.
<b>mesoderm</b>	<b>mezodèm</b>	kouch selil mitan nan gastrila a, ant ektodèm nan ak andodèm nan; li devlope nan misk yo, sistèm sikilatwa, sistèm ekskretè, epi nan kèk zannimo, sistèm respiratwa a.
<b>metabolism</b>	<b>metabolis</b>	tout reyaksyon chimik ki fèt andedan yon òganis.
<b>metamorphosis</b>	<b>metamòfoz</b>	nan ensèk yo, se seri chanjman ki kontwole chimikman nan estrikti kò a depi nan jenn moun jouk nan adilt; li ka konplè oswa enkonplè.
<b>metaphase</b>	<b>metafaz</b>	dezyèm etap kout mitoz la kote kwomozòm doub yo deplase pou ale nan ekwatè fizo a epi santwomè yo tache kwomatid yo nan yon fib fizo apa.
<b>meteor</b>	<b>etwal filant</b>	Kout zèklè ki pwodui lè yon meteyorid tonbe nan direksyon latè epi volatilize nan atmosfè tè a.
<b>meteorite</b>	<b>meteyorit</b>	meteyorid ki pa fin volatilize nèt nan atmosfè latè epi ki frape sifas tè a; kèkfwa sa lakòz yon kratè enpak.
<b>meteorology</b>	<b>meteyoloji</b>	Branch syans latè ki etidye lè ki antoure planèt nou an; etid fenomèn atmosferik tankou bwouya, nyaj, nèj, lapli ak zèklè.
<b>microchip</b>	<b>sikui entegre</b>	Yon sikui ki gen ladan anpil dyòd, tranzistò, rezistans ak kondiktè.
<b>microclimate</b>	<b>mikwoklima</b>	Klima lokalize ki diferan ak kliman rejyonal anviwònman an.
<b>microtubules</b>	<b>mikwotibil</b>	silenn mens ak kre ki fòme ak pwoteyin ki ba sipò estriktirèl pou selil ekaryotik yo.
<b>migration</b>	<b>migrasyon</b>	mouvman sezonye enstenktif zannimo de-plas-an-plas.

<b>mineral</b>	<b>mineral</b>	Solid natirèl ak inòganik avèk yon konpozisyon espesifik ak yon estrikti kristalen defini ki fòme nan magma oswa nan solisyon sisatire.
<b>mitochondria</b>	<b>mitokondri</b>	òganèl ki asosye ak manbràn ekaryotik ki transfòme enèji ki estoke nan molekil manje; li gen yon manbràn enteryè byen pwlaye ki pwodui molekil pou estoke enèji.
<b>mitosis</b>	<b>mitoz</b>	peryòd divizyon selil nikleyè kote de (2) selil fi fòme; chak selil fi sa yo gen ladan yon ansanm konplè kwomozòm.
<b>mixture</b>	<b>melanj</b>	konbinezon sibstans kote konpoze endividyèl yo konsève pwòp pwopriyete yo.
<b>molar mass</b>	<b>mas molè</b>	Mas an gram yon mòl nenpòt sibstans pi.
<b>molarity</b>	<b>molarite</b>	Kantite mòl solite ki fonn pou chak lit solisyon; li rele konsantrasyon molè tou.
<b>mold</b>	<b>tewo</b>	Fosil ki ka fòme lè yon òganis ki gen anvlòp dekonpoze an wòch sedimantk epi li patinen, sa kim ba moun enpresyon li fouye.
<b>mole</b>	<b>mòl</b>	Inite de baz Sistèm Entènasyonal ki itilize pou mezire kantite yon sibstans; mo abreje a se "mol"; yon mòl se kantite yon sibstans pi ki genyen $6.02 \times 10^{23}$ patikil reprezantatif.
<b>mole ratio</b>	<b>rapò molè</b>	Nan yon ekwasyon balanse, se rapò ant kantite mòl yo ak nenpòt de (2) sibstans.
<b>molecular formula</b>	<b>fòmil molekilè</b>	Se yon fòmil ki espesifye kantite reyèl atòm chak eleman nan yon molekil oswa inite fòmilè sibstans lan.
<b>molting</b>	<b>mi</b>	nan antwopòd yo, se eliminasyon peryodik yon ansyen egzokèlèt.
<b>moment of inertia</b>	<b>moman inèsi</b>	Rezistans pou wotasyon.
<b>momentum</b>	<b>elan</b>	Se rezilta multiplikasyon (pwodui) ant mas yon objè ak vitès objè a; li mezire an kg/s (kilogram pa segonn).
<b>monotreme</b>	<b>monotrèm</b>	souklas mamifè ki gen pwal ak glann mamè, men ki repwodui lè yo ponn ze.
<b>moraine</b>	<b>morèn</b>	Akimilasyon debri melanje nan depo glasye ki fonn.
<b>mutagen</b>	<b>mitajèn</b>	nenpòt ajan ki ka lakòz yon chanjman nan ADN; li gen ladan tou radyasyon ki gen anpil enèji, sibstans chimik ak gwo tanperati.
<b>mutation</b>	<b>mitasyon</b>	nenpòt chanjman oswa erè owaza nan yon sekans ADN.

<b>mutualism</b>	<b>mityalis</b>	yon relasyon senbyotik ki nan avantaj toulède espès yo.
------------------	-----------------	---